# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–08 दिसंबर 2025** **भोजपुरी समाचार**

लोकसभा में आजु राष्ट्रीय गीत वंदे मातरम के एक सौ पचासवें सालगिरह पर चरचा सुरू भइल। राष्ट्रीय गीति बंकिमचन्द्र चटर्जी बरिस अठारह सौ पचहत्तर में लिखले रहलें।

चरचा के सुरूआति में प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलें कि वंदे मातरम क मंत्र पूरा देस के सक्ति आ प्रेरणा दिहलस अउर स्वतंत्रता आन्दोलन के ऊर्जावान बनवलस।

**जिसने 1947 में देश को आजादी दिलाई। स्वतंत्रता संग्राम का भावात्मक नेतृत्व इस वंदे मातरम् के जयघोष में था।**

प्रधानमंत्री कहलें कि देस के आजादी क लड़ाका अपने आखिरी सांस ले वंदे मातरम क जयघोस कइलें।

**हमारे जांबाज सपूत बिना किसी डर के फांसी के तख्ते पर चढ़ते थे और आखिरी सांस तक वंदे मातरम, वंदे मातरम, वंदे मातरम् यही उनका भावघोष रहता था। खुदीराम बोस, मदनलाल ढींगरा, रामप्रताप बिस्मिल, अशफाकउल्लाह खान, रोशन सिंह, राजेन्द्रनाथ लाहिड़ी, राम प्रसाद विश्वास अनगिनत जिन्होंने वंदे मातरम् कहते–कहते फांसी के फंदे को अपने गले पर लगाया था।**

श्री मोदी कहलें कि जब वंदे मातरम आपन सौवीं सालगिरह मनावत रहे तब देस आपातकाल से परभावित रहल।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ प्रदेसवासियन के नांव चिट्ठी लिखि के अवैध घुसपैठिन के प्रति सतर्क रहले क अपीलि कइले हवें। एगो सोसल मीडिया पोस्ट के जरिया से मुख्यमंत्री 'योगी की पाती' नांव से येह चिट्ठी के साझा कइले हवें। श्री योगी प्रदेसवासियन से अपीलि कइलें कि घरेलू चाहे ब्यौसायिक कार में कउनहूं मनई के नियोजित कइले से पहिले ओकर पहिचान जरूर करें। मुख्यमंत्री कहलें कि प्रदेस में रहि रहल अवैध घुसपैठियन के खिलाफ कड़ेर आ निर्णायक कार्रवाई सुरू कइल गइल बा। उहां के कहलीं कि प्रदेस क सुरक्षा सबकर सामूहिक जिम्मेदारी बा काहें से कि सुरक्षा समृद्ध क आधार हौ।

**********

प्रदेस प्राकृतिक स्रोतन से मिले वाला ऊर्जा के क्षेत्र में खास उपलब्धी हासिल करत सौर ऊर्जा कै तीनि लाख से बेसी उपकरण के स्थापना के लक्ष्य के पार कइ लिहले हौ। एगो रिपोर्ट–

**प्राप्त आंकड़ों के अनुसार प्रदेश में कुल 9 लाख 83 हजार 915 आवेदनों में से 3 लाख 654 सौर ऊर्जा उपकरण लगाए जा चुके हैं। राज्य में सौर ऊर्जा की कुल स्थापना क्षमता 1038.27 मेगावॉट तक पहुंच चुकी है जिससे लाखों परिवारों को स्वच्छ और किफायती ऊर्जा प्राप्त हो रही है। इसके साथ ही राज्य सरकार अब तक 2074.53 करोड़ रुपये की सब्सिडी जारी कर चुकी है जिसने उपभोक्ताओं पर आर्थिक बोझ को काफी हद तक कम कर दिया है। समाचार कक्ष से विवेक सिंह**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ एगो सोसल मीडिया पोस्ट में कहलें कि प्रदेस में सौर ऊर्जा क तीनि लाख से बेसी इंस्टॉलेसन के लक्ष्य पूरा भइल ऊर्जा स्वावलम्बन, पर्यावरणीय संरक्षण, नवीकरणीय ऊर्जा उपयोग–वृद्धि आ आरथिक ससक्तीकरण के दिसा में एगो इतिहासिक उपलब्धी हौ।

**********

काशी तमिल संगमम के चउथा संस्करण में तमिलनाडु से आइल दल कई गो गतिविधियन में हिस्सा ले रहल हवे। एगो रिपोर्ट–

**काशी तमिल संगमम में तमिलनाडु से आए पत्रकारों और साहित्यकारों के दल का तीसरा जत्था आज प्रयागराज पहुंचा। इस अवसर पर प्रयागराज के विधान परिषद सदस्य सुरेंद्र चौधरी ने पुष्प वर्षा कर दल का स्वागत किया। दल ने गंगा स्नान कर वहां के प्रमुख मंदिरों में दर्शन पूजन किया। संगमम के तहत ही वाराणसी में तमिलनाडु से आए एक कृषि दल ने नमो घाट पर सांस्कृतिक कार्यक्रमों में हिस्सा लिया। इस दल ने क्रूज के जरिए गंगा आरती और काशी के घाटों को भी देखा। इससे पहले, दल के सदस्यों ने काशी विश्वनाथ मंदिर में दर्शन पूजन भी किया। प्रयागराज से प्रवीण मिश्र और वाराणसी से मनीष सिंह की रिपोर्ट के साथ समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।**

हमरे वाराणसी प्रतिनिधि बतवले हवें कि काशी–तमिल संगमम के चउथा संस्करण में वाराणसी के स्कूलन में तमिल सिक्षक भासा क ज्ञान दिहले के सथहीं तमिल भासा क लिखावट आ एकरे प्रति लगावो क जनकारी दे रहल हवें।

**********

सरकार एगो वायरल ई–मेल क खण्डन कइले हवे, जेहमें दावा कइल गइल बा कि सरकार नागरिकन के ई–पैन कार्ड डाउनलोड करे के कहले हौ। पत्र सूचना कार्यालय क तथ्य जांच इकाई बतवलस कि ई ई–मेल फरजी बा। जांच इकाई लोगिन से अइसन ई–मेल, लिंक, कॉल आ एसएमएस क जबाब न दिहले क सलाहि दिहले हौ, जेहमें उनसे वित्तीय जनकारी साझा करे के कहल जाला।

**********

बनारस हिंदू विश्वविद्यालय–बीएचयू क प्रबंधन अध्ययन संस्थान के प्रबंध भवन में आजु स्मार्ट इंडिया हैकाथॉन–दुइ हजार पचीस हार्डवेयर संस्करण के स्थानीय केन्द्र क उद्घाटन भइल। एहसे परिसर में नवाचार, रचनात्मकता आ समेस्या के समाधान क एगो गतिसील सप्ताह क सुरूआति हो गइल।

**********